



TATA PANGIBADAH MINGGU, 2 MARET 2025

“PIRENGNA PANJENENGANE!”

Waosan Leksionari:

Keluaran 34:29-35 ; Mazmur 99 ;

II Korintus 3:12-4:2 ; Lukas 9:28-43a

Waosan Injil : Lukas 9 : 28-43a

Pangangkah : Pasamuhan minangka brayatipun Gusti kabereg supados mboten namung eram dhateng kaluhuranipun Gusti Yesus sacara ritualistic nanging kanthi mirengaken pangandikanipun Gusti lan nglampahi salebeting tumindak nyata.

(Lenggah)

1. PANCAWISAN

- Tengara lonceng, Pasamuhan tidhem premanem
- Pradhata cecawis lan atur pandonga konsistorium

2. TIMBALAN PANGIBADAH

- L1 nyumet lilin pangibadah
- Pitepangan pasamuhan tamu utawi anyar lajeng maos sari pathining pawartos pasamuhan
- Liturgos 1

Brayatipun Gusti ingkang kinasih, wonten ing prastawa transfigurasi, kapireng suanten “*Iki PutraningSun kang Sunpilih, padha estokna dhawuhe!*”, sumangaa kita jumeneng, tandha sumadya nampi dhawuhipun Gusti lan ngestoaken. Swawi pra suci nyawiji.

(Jumeneng)

- Tengara lonceng : Kaping -3

3. Kidung Pamuji KPJ 31 : 1,2 “SWAWI PRA SUCI NYAWIJI”

Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
sami ngabekti memuji mring Gusti.

Ajrih, sumelang, sedhih, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangeran

Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,
ngetang mukjijat lan gunging sih-rahmat.

Lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

4. VOTUM LAN SALAM

Pdt : Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi Amin.

Psm : 5 7 1 . | 5 7 1 . | 5 4 3 . ||
A - min A - min A - min

Pdt : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama saha Gusti kita Yesus Kristus, nunggila ing para sedhèrèk sadaya.

Psm : NUNGGILA ING PANJENENGAN UGI.

(LENGGAH)

5. Kidung Pamuji KPKL 116 : 1,2 “GUSTI ALLAH KANG KAGUNGAN PUJI”

Puji mring Allah, Pangeran kang maha wisesa

Mara jiwaku abareng lan bala ing swarga

Muji rame, unekna gong lan bendhe

Drapon wong nglumpuk nglembana

Puji mring Allah kang mulya lan adil pangrehe
Anjangkung sira lir manuk beri mring anake
Kang maringi sing nyata munpangati
Puji Gusti salawase

6. PANGAKENING DOSA

L1 : Sumangga kita sami nglengganani gesang kita kanthi ngilo dhateng pangandikanipun Gusti saking **Pangentasan 34 : 35**, Manawa wong Israel ndeleng kuliting pasuryane Nabi Musa mencorong, Nabi Musa banjur nutupi pasuryane maneh nganti panjenengane lumebet ngadhep perlu imbal wacana karo Pangeran Yehuwah.

Pdt : *Pandongan Nyuwun Pangkasama menggah tuminda ingkang ngaling-ngalingi paseksi bab kamulyanipun Gusti.*

7. KIDUNG PANALANGSA KPKL 159 : 1,2 “TAKSIH LANGKUNG PANGGENAN”

Wonten ing bujana swarga taksih langkung panggenan
Angger tyang dosa mratobat mesthi nggih sinuruhan
Gusti ngutus pra abdinya ngundangken ing sajadad
Dhateng sawarnining jalma kang miskin wah kang cacad :
Rungokna neng swarga isih luwih panggonan
Wong dosa mereka, sira kang sinuruhan

Tyang durjana kang sinalib klangkung dennya nalangsa
Anggetuni dosanira sinungan pangaksama
Malah winenganan swarga ndherek Gusti mring Pirdus
Mangkin saliring tyang dosa ingundhangan pawartos :
Rungokna neng swarga isih luwih panggonan
Wong dosa mereka, sira kang sinuruhan

(Jumeneng)

8. PAWARTOS SIH RAHMAT

Pdt : Sumangga kita jumeneng saha nampeni Pawartos Sihrahmatipun Gusti ingkang kaserat wonten ing **2 Korinta 3 : 16-18**, Nanging wong kang mratobat marang Gusti, iku tutupe banjur kasingkirake. Awit Gusti iku Sang Roh; lan ing ngendi ana Rohing Allah ing kono ana kamardikan. Lan kita kabeh iki padha ngatonake kamulyane Gusti kalawan rai kang ora katutupan kaya ana ing pangilon sarta padha kasalanan rupa madhani pasemone iku kalawan kamulyan kang mundhak-mundhak, kang asale saka Gusti kang asipat Roh.

9. KIDUNG SOKUR KPKL 158 : 1,4 “MANDENG ING GUSTI”

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang, tinebus sagung dosanira
De Cempene Allah kang sinalib ngrembat, ngesahaken duraka kita
Daweg den pandeng! srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosanira

Daweg ngungsi mring Gusti tyang dosa sagung dosa dika den unjukena
mesthi antuk apura temah agesang bok den tampi lan sukarena
daweg den pandeng! srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosanira

(Lenggah)

10. PALADOSAN PANGANDIKA

- Pandonga Épiklése
- Pandhita maos Injil LUKAS 9 : 28-43a

Kapungkasan: “Mekaten pamaosing Sabda Suci, rahayu tiyang ingkang migatosaken pangandikanipun Gusti saha nglampahi wonten ing gesangipun. Haleluya!”

Pasamuwan: 7 | 1 7 5 7 | 1.. 7 | 1 7 5 7 | 1..
 Ha - le - lu - ya A - min Ha - le - lu - ya A - min
 7 | 1 3 4 5 | 4.. 3 | 5 4 3 4 | 3.. ||
 Ha - le - lu - ya A - min Ha - le - lu - ya A - min

- Khotbah: “PIRENGNA PANJENENGANE!”
- Tidhem Premanem

11. PISUNGSUNG PUJIAN PS. HOSANA “UTUS KAMI MENJADI KELUARGA KRISTUS & KU’KAN MELAYANI TUHAN SEPANJANG UMURKU”

12. PISUNGSUNG PUJIAN PS. BAHANA SANGKAKALA “NDHEREK GUSTI”

13. PANDONGA SAFAAT LAN DONGA RAMA KAWULA

(Jumeneng)

14. PENGAKENING PITADOS (L2)

(Lenggah)

15. ATUR PISUNGSUNG (L2)

L2 : Sumangga sesarengan ngaturaken panuwun dhumateng Gusti lumantar pisungsung pangibadah Minggu, BPPG, Pastori II lan kartu wulanan. Tetalesing pisungsung dinten punika kapethik saking **Wulang Bebasan 3 : 9**, Pangeran Yehuwah luhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakehe pametumu;

- Kidung Panuwun KPJ 170 : 1,3 “LUBERING BERKAH SING GUSTI”

Lubering berkah sing Gusti, yeku prajanji suci;
 urip mulya aneng swarga, pinaringken Sang Putra.
 Berkahing Gusti, iku dak anti anti,
 sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.

Lubering berkah sing Gusti, iku kang daksesuwun;
 "Aparinga luber agung, maring umat sadarum!"
 Berkahing Gusti, iku dak anti anti,
 sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.

(Jumeneng)

- Pandonga Panuwun Sokur

16. KIDUNG PANGUTUSAN KPJ 452 : 1,2,4 “TEKADING MANAH KAWULA”

Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti,
 yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
 Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
 Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya,
 martosaken Injil Suci, dimèn samya waluya.
 Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
 Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

Sanadyan rumpil marginya, nging Gusti tansah nganthi.
 Nadyan ribed lan sangsara, kula tegen nglampahi
 Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.
 Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

17. PANGUTUSAN LAN BERKAH

PF : "Sang Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan; Sang Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhumateng panjenengan, lan maringi sih-rahmat; Sang Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhumateng panjenengan, lan maringi tentrem rahayu." Amin.

18. KIDUNG PAMUNGKASING IBADAH KPJ 198 : 1,3 “LAMPAHING GESANG PUNIKI”
Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan mega,
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata
 Reff : Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
 sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.
Aywa mangumiwah kwatir, nadyan peteng marginya,
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
Gusti Ingkang Mahatresna, yeku tukung pitulung;
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung. *Reff...*
19. SESERAHAN KITAB SUCI & PANYIDHEMING LILIN
- (Lenggah)
20. WEKDAL TIDHEM